




© Copyright 2023, Administrasyon Resous Imèn Vil New York/Depatman Sèvis Sosyal. Pou jwenn otorizasyon repwodui yon pati oswa tout materyèl sila a, kontakte Administrasyon Resous Imèn Vil New York.



Byennèt, Evalyasyon Konplè,
Reyabilitasyon, ak Travay

BRC-1065 (HC)

Misyon nou

WeCARE fèt pou ba ou sèvis, nenpòt nivo kapasite ou genyen. **WeCARE** se yon pwogram ki fèt pou ede w atenn potansyèl ou. Pi gwo sousi nou se byennèt ou epi nou vle ede ou reyalize objektif ou. Sèvis Pèsonalize **WeCARE** yo rann li inik.

Atant ou dwe genyen

WeCARE ap evalye kondisyon medikal ou epi ap ba ou sèvis ou bezwen pou reyalize potansyèl ou. **WeCARE** konekte ou ak yon seri sèvis soti nan referans medikal rive nan fòmasyon pwofesyonèl.



5 Pa Pou Atenn yon Pi Gwo Byennèt

1

W ap resevwa evalyasyon pou idantifye pwoblèm medikal oswa lòt pwoblèm ki kapab afekte kapasite pou ou patisipe nan aktivite travay.

2

N ap baze sou yon evalyasyon konplè pou travay avèk ou pou devlope yon plan pèsonalize pou reponn ak bezwen ou yo.

3

Sa depannde plan ou, ou kapab:

- » Jwenn tretman pou amelyore kondisyon sante w ak pwogrè pou byennèt;
- » Resevwa sèvis espesyalize ansanm ak yon kad travay ki konsidere limitasyon ou yo;
- » Resevwa asistans pou aplikasyon avantaj andikap ou elijib pou yo a.

4

Pou nou ede ou reyisi, n ap travay ak ou pou bouse pwogrè ou.

5

Lè ou jwenn travay, n ap asire n ou jwenn sipò ou bezwen pou ou kenbe l, pandan n ap kontinye ede w reyalize potansyèl ou.

Sèvis ki disponib Pou Ede w Reyisi

- Lyen pou jwenn sèvis medikal
- Jesyon Dosye
- Referans pou asistans pwoblèm jiridik
- Èd nan pwoblèm fanmi ak sèvis gadri
- Amelyorasyon konpetans nan lang Anglè
- Fòmasyon konpetans pwofesyonèl
- Edikasyon
- Aktivite travay espesyalize
- Preparasyon CV
- Sèvis Plasman nan Travay
- Sèvis retansyon
- Asistans pou aplikasyon Avantaj pou Andikap (tankou SSI, SSDI)